

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Panalungtikan kualitatif nya éta panalungtikan anu boga tujuan pikeun maham fenomena naon-naon anu kaalaman ku subjek panalungtikan upamana *perilaku, motivasi, tindakan*, jeung sajabna, sacara *holistik*, sarta ku cara deskriptif dina wangun kekecapan jeung basa, dina hiji konteks husus anu alamiah sarta mangpaatkeun rupa-rupa métode alamiah (Moleong, 2011:6). Sedengkeun numutkeun Sugiyono (2009:1) panalungtikan kualitatif nya éta panalungtikan nu digunakeun pikeun nalungtik kaayaan hiji objek nu alamiah.

Dumasar jenisna, dina panalungtikan kualitatif aya nu disebut panalungtikan déskriptif, nya éta salasihiji métode pikeun ngagambarkeun kaayaan hiji objék nu ditalungtik sarta ngébréhkeun hal-hal anu dijadikeun inti masalah dina panalungtikan. Dina métode déskriptif data anu dihasilkeun téh mangrupa kekecapan tinulis, atawa lisan nu sumberna ti jalma-jalma anu dimutalaah sacara partisipasi (Ali, 2007:42)

Metode nu digunakeun dina ieu panalungtikan teh nya éta métode deskriptif, lantaran dina métode deskriptif diébréhkeun sagala hal nu aya patalina jeung panalungtikan ti mimiti masalah anu jadi kasang tukang panalungtikan, dasar-dasar tiori anu ngadeudeulan masalah dina panalungtikan, nepi ka nganalisis jeung ngébréhkeun hasil tina panalungtikan nu geus dilaksanakeun, pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Dina téhnik panalungtikan ngawengku désain panalungtikan, sumber data jeung lokasi panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung analisis data.


3.1 Désain panalungtikan

Désain panalungtikan prosés anu dirancang ku panalungtik pikeun ngameunangkeun, ngajawab, jeung ngajelaskeun masalah-masalah panalungtikan. Désain panalungtikan ngawengku prosés ieu dihandap, nya éta:

- 1) ngaidéntifikasi jeung nangtukeun masalah nu rék ditalungtik;

- 2) observasi, nya éta prosés pikeun ngumpulkeun data panalungtikan, ku cara survéy ka lapangan, wawancara narasumber, jeung ngadokuméntasi hal-hal nu aya patalina jeung panalungtikan;
- 3) nagtukeun téhnik dina ngumpulkeun data panalungtikan;
- 4) nganalisis data sarta ngadéskripsikeun hasil panalungtikan; jeung
- 5) ngalaporkeun hasil panalungtikan.

Bagan 3.1 Désain panalungtikan



3.2 Sumber Data jeung Lokasi Panalungtikan


3.2.1 Sumber Data

Numutkeun Lofland jeung Lofland (dina Moleong, 2011:157), sumber data dina kualitatif nya éta kekecapan jeung paripolah, saterusna nu kaasup kana data tambahan nya éta dokumentasi jeung sajabana. Anu jadi sumber data atawa sumber informasi dina ieu panalungtikan nya éta jalma anu dianggap kokolot/sesepuh sarta apal kana hal-hal nu aya patalina dina upacara laku kungkum jeung laku pépé ti jaman baheula nepi ka kiwari, sumber buku nu aya patalina jeung panalungtikan.

3.2.2 Lokasi Panalungtikan

Lokasi panalungtikan dilakukeun di Kabupatén Indramayu, teu jauh ti laut Érétan Wetan, ti sapanjang jalur katuhu jalan *by pass* ti arah jakarta ka arah Kota Cirebon (Jalur Pantura), aya hiji masarakat adat nya éta masarakat Suku Dayak Hindu Budha Bumi Segandu. Nu dikenal ogé ku sebutan “Dayak Losarang” atwa “Dayak Indramayu”. Masarakat adat ieu téh tempatna aya di RT 13 RW 03 Kampung Segandu, Desa Karimun, Kecamatan Losarang, Kabupatén Indramayu atawa 300 méter ti jalur pantura Indramayu.

Gambar 3.1 Peta Kecamatan Losarang



Yendi Apriana, 2017

UPACARA ADAT LAKU KUNGKUM JEUNG LAKU PÉPÉ SUKU DAYAK HINDU BUDHA BUMI SEGANDU
INDRAMAYU PIKEUN BAHAN PANGAJARAN BAHASAN BUDAYA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.3 Instrumen Panalungtikan

Instrumen panalungtikan nya éta alat atawa pakakas pikeun ngumpulkeun data lapangan (Sukardi, 2013:121). Dina enas enasna mah, instrumen panalungtikan téh sagala hal nu digunakeun pikeun nyangking data-data panalungtikan sangkan hasil datana bisa dijadikeun bukti panalungtikan. Instrumen panalungtikan nu digunakeun dina ieu panalungtikan saperti ieu nu ditataan di handap.

1) Kamera Digital

Kamera digital mangrupa salah sahiji alat dokuméntasi nu bisa ngahasilkeun poto atawa gambar (*visual*) sarta vidio (*audio visual*). Éta alat digunakeun ku panalungtik salian pikeun nyangking data panalungtikan, ogé bisa jadi bukti panlungtikan boh dina waktu lumangsungna kagiatan upacara adatboh waktu prosés wawancara.

2) Handphone

Handphone mangrupa salah sahiji alat nu digunakeun waktu kagiatan wawancara pikeun sadap rekam ka informan. Hasil sadap rekam ieu bisa jadi salasahiji bukti yén panalungtikan ngadéskripsikeun data téh dumasar informasi nu nyata.

3) Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun nungtun panalungtik dina prosés wawancara sangkan bisa museur kana patarosan-patarosan nu penting pikeun nyangking data. Ku ayana pedoman wawancara, prosés wawancara bisa leuwih éféktif utamana soal waktu.

Tabél 3.1 Pedoman Wawancara

<p>1. Data Narasumber</p> <ul style="list-style-type: none"> ➤ Wasta : ➤ Yuswa : ➤ Alamat : ➤ Pakasaban : <p>2. Daptar Patalékan</p> <ul style="list-style-type: none"> ➤ Naon anu dimaksud upacara adat laku kungkum jeung laku pépé? ➤ Naon tujuan ngalaksanakeun upacara adat laku kungkum jeung laku pépé? ➤ Kumaha sajarah nepi ka ayana upacara adat laku kungkum jeung laku pépé? ➤ Iraha upacara adat laku kungkum jeung laku pépé dilaksanakeun? Naha aya itungan waktu nu tangtu atawa henteu? ➤ Dimana tempat lumangsungna upacara adat laku kungkum jeung laku pépé? ➤ Kumaha prak-prakan upacara adat laku kungkum jeung laku pépé? ➤ Ma'na jeung simbol naon wa nu nyampak dina pakakas sarta runtuyan upacara adat laku kungkum jeung laku pépé? ➤ Naha aya bédana upacara adat laku kungkum jeung laku pépé mangsa kiwari jeung baheula? ➤ Kumaha balukarna saupama teu upacara adat laku kungkum jeung laku pépé teu dilaksanakeun?

3.4 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan mangrupa salah sahiji usaha sangkan bisa ngalaksanakeun panalungtikan ngagunakeun métode anu baris ditangtukeun, sangkan udagan nalungtik ngeunaan struktur sémiotik dina upacara adat laku kungkum jeung laku pépé bisa kahontal.

3.4.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nya éta téhnik observasi, téhnik studi pustaka, téhnik wawancara, jeung téhnik dokumentasi.

1) Téhnik Observasi

Téhnik observasi nya éta téhnik panalungtikan anu dilaksanakeun sacara turun langsung ka lapangan pikeun meunangkeun informasi anu akurat ngeunaan kaayaan upacara adat laku kungkum jeung laku pépé, sarta unsur sémiotik nu aya dina upacara adat laku kungkum jeung laku pépé.

2) Téhnik Studi Pustaka

Téhnik studi pustaka digunakeun pikeun ngumpulkeun data anu sipatna dokumen, misalna data gambar-gambar atawa tinulis. Ieu téhnik digunakeun pikeun ngumpulkeun tiori-tiori jeung data anu digunakeun pikeun pangdeudeul panalungtikan.

3) Téhnik Wawancara

Téhnik wawancara nya éta téhnik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun informasi ku cara tanya jawab jeung informan anu bisa méré informasi jeung pamadegan ngeunaan upacara adat laku kungkum jeung laku pépé, prak-prakan sarta unsur sémiotikna. Tanya jawab jeung informan anu boga pangaweruh leuwih ngaunaan maksud nu aya dina upacara adat laku kungkum jeung laku pépé, misalna ka sesepuh/kokolot.

4) Téhnik Dokumentasi

Téhnik dokumentasi nya éta téhnik nu digunakeun ku cara ngadokumentasikeun naon-naon nu patali jeung panalungtikan, saperti ngadokumentasikeun prak-prakan upacara adat laku kungkum jeung laku pépé, pakakas anu digunakeun sarta ngadokumentasikeun wawancara jeung narasumber.

3.4.2 Téhnik ngolah Data

Dina ieu panalungtikan, aya léngkah-léngkah ngolah data anu geus dikumpulkeun, diantarana:

- 1) Niténan data nu geus dikumpulkeun;
- 2) Nganalisis ulikan sémiotik nu aya patalina dina upacara adat laku kungkum jeung laku pépé;
- 3) Ngadéskripsikeun data hasil analisis;
- 4) Ngaimplikasikeun kana bahan pangajaran;
- 5) Nyusun silabus jeung RPP dumasal KIKD;
- 6) Nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan.